दिन–शुक्रवार                                                                 दिनांक–05.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                 अवधिः–05 मिनट

---

न्यायमूर्ति मीनाक्षी मदन राय आइ पटना उच्च न्यायालय मुख्य न्यायाधीशक पदक शपथ लेलनि। पटना स्थित बिहार लोकभवन मे आयोजित समारोह मे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैय्यद अता हसनैन हुनका पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि। न्यायमूर्ति मीनाक्षी मदन राय न्यायमूर्ति संगम कुमार साहूक स्थान लेलनि अछि, जे काल्हि सेवानिवृत्त भऽ गेलाह। एहि सँ पूर्व न्यायमूर्ति राय सिक्किम उच्च न्यायालय मे मुख्य न्यायाधीश छलीह। ओ पटना उच्च न्यायालयक दोसर महिला आ अड़तालीसम् मुख्य न्यायाधीश बनल छथि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे शपथ ग्रहण समारोह मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी, मंत्री श्रवण कुमार, दिलीप कुमार जायसवाल, अशोक चौधरी आ रामकृपाल यादव समेत राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह।

---

आइ विश्व पर्यावरण दिवस अछि। एकर उद्देश्य पर्यावरण संरक्षणक प्रति लोक सभ कँ जागरूक करबाक आ सामूहिक भागीदारी कँ बढ़ावा देबाक अछि। विश्व पर्यावरण दिवस पर राज्य मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। राजधानी पटनाक जे.पी. गंगा पथ पर आयोजित मुख्य समारोह मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पौधारोपण कऽ एक लाख गाछ लगेबाक काजक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर श्री चौधरी लोक सभ सँ बेसी सँ बेसी पौधारोपण कऽ हरियाली बढ़ेबाक अपील कयलनि। जिला मुख्यालय सभ सँ सेहो एहि अवसर पर जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जयबाक संवाद प्राप्त भऽ रहल अछि। दरभंगा मे महारानी कल्याणी कॉलेज मे पर्यावरण दिवस पर आयोजित प्रतियोगिता मे पचहत्तरि सँ बेसी प्रतिभागी भाग लेलनि। समस्तीपुर, सहरसा, मधुबनी मे सेहो कार्यक्रमक आयोजन कऽ पर्यावरण संरक्षण पर जोर देल गेल। विभिन्न सरकारी, गैर–सरकारी संस्थान सभ मे पौधारोपण कयल गेल। संगहि, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा शुरू कयल गेल एक पेड़ मां के नाम अभियानक अंतर्गत कतेको लोक सेहो पौधारोपण कयलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक कार्यकालक बारह वर्ष पूरा हेबा पर प्रदेश भाजपा दिस सँ आइ सँ राज्यव्यापी विकास, विश्वास आ जनकल्याण पखवाड़ाक आयोजन कयल जा रहल अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी जनौलनि जे एहि क्रम मे सरकारक उपलब्धि आ जनकल्याणकारी योजना सभ के जन जन धरि पहुंचाओल जायत।

———————————————————————————

जनता दल यूनाइटेड बिहार विधान परिषद चुनावक वास्ते उम्मीदवारक घोषणा कऽ देलक अछि। स्वास्थ्य मंत्री निशांत, भारती मेहता, आ शिवरानी देवी प्रजापति के द्विवार्षिक चुनावक अंतर्गत उम्मीदवार बनाओल गेल अछि। ओतहि, पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक त्यागपत्रक बाद भेल रिक्त सीटक उप चुनाव लेल ललन प्रसाद उम्मीदवार बनाओल गेल छथि।

———————————————————————————

मुजफ्फरपुरक एकटा निजी अस्पताल मे आगि लगला सँ छओ लोकक भेल मृत्युक मामिला मे पुलिस तीन गोटे कैँ गिरफ्तार कयलक अछि। सिटी एसपी मोहिबुल्लाह अंसारी जनौलनि जे आईसीयू मे उपस्थित चिकित्सक डॉक्टर पंकज कुमार, एडमीन मैनेजर राजकुमार आ मेंटेनेंस मैनेजर अजीत कुमारक गिरफ्तारी भेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि मामिला मे अग्निशमन पदाधिकारीक आवेदन पर ब्रह्मपुरा थाना मे शिकायत दर्ज कराओल गेल अछि।

———————————————————————————

भागलपुरक विक्रमशिला सेतु पर सात जून सँ गाड़ी सभक आवाजाही शुरू भऽ जायत। जिलाधिकारी नवल किशोर चौधरी जनौलनि जे एखन मात्र एक लेन पर बेसी सँ बेसी दस टन भारवला गाड़ी के वन—वे ट्रैफिकक अंतर्गत परिचालन करबाक अनुमति देल गेल अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मुसरी घरारी थाना क्षेत्र अंतर्गत गंगापुर गाम लऽग एक अनियंत्रित ट्रकक चपेट मे अयला सँ मोटरसाइकिल सवार दू व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि। दोसर दिस खगड़िया जिलाक चौथम थाना क्षेत्र अंतर्गत एनएच एक सय सात पर एकटा तेज गति हाइवाक चपेट मे अयला सँ मोटरसाइकिल सवार दू युवकक मृत्यु भऽ गेलनि।

---

संपूर्ण प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। कतेको ठाम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू–तीन दिन धरि तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओतहि, अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक किछु भाग मे कतहु–कतहु आंशिक वर्षा भऽ सकैत अछि। एहि क्रम मे उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ धूक्कड़ आ अन्हर अयबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

---

समाप्त भेल